



KOMITE KONTWÒL KOPWOPRIYETE

Somerville City Hall Annex
50 Evergreen Ave., Somerville, MA 02145
(617) 625-6600 x 2575

ENFÒMASYON ENPÒTAN POU LOKATÈ KI TE RESEVWA AVI SOU YON KONVÈSYON INITE LOKASYON YO AN KOPWOPRIYETE

**Dokiman sa a se yon vèsyon ki tradui sou Dwa Lokatè konsènan Konvèsyon An Kopwopriyete a.*

**Dokiman sa a se yon vèsyon ki tradui sou Dwa Lokatè konsènan Konvèsyon An Kopwopriyete a.*

Si ou te resevwa Avi ak Fèy Enfòmasyon an ansanm ak Fòm Demann Enfòmasyon an epi ou ta renmen jwenn èd pou ranpli fòm nan, tanpri kontakte Estaf Konsèy la nan telefòn nan **617-625-6600, x. 2575** oswa nan imèl nan condoboard@somervillema.gov. Ou kapab kontakte Biwo Establiite Lojman an tou nan **617-625-6600, x.2581**.

Epitou ou kapab rankontre ak Estaf Konsèy la, oswa Biwo Establiite Lojman an, an pèsòn nan **City Hall Annex -50 Evergreen Ave, Somerville, MA 02145**.

Si ou poko resevwa Avi a men ou gen enkyetid konsènan yon potansyèl konvèsyon an kopwopriyete, tanpri kontakte Estaf Konsèy la nan telefòn nan 617-625-6600, x.2575 oswa nan imèl nan condoboard@somervillema.gov.

Peryòd Avi pou Lokatè a: Peryòd avi lokatè a se **senk (5) lane** pou moun aje, moun ki gen yon andikap ak lokatè ki pa gen gen anpil revni/revni modere epi **yon (1) lane** pou tout lòt lokatè yo.

Peman pou Demenajman: Peman pou dedomajman obligatwa pou aplikasyon ki tonbe anba Òdonans 2019 la se **\$12,577.16** pou moun aje, moun ki gen andikap ak lokatè ki pa gen gwo revni/revni modere epi **\$7,546.28** Pou tout lòt lokatè yo - peman an se pou chak inite, se pa pou chak lokatè.

Peman pou dedomajman obligatwa pou aplikasyon ki tonbe anba Òdonans yo te mete ajou apati 1ye oktòb 2025 la se **\$18,000** pou moun aje, moun ki gen yon andikap ak lokatè ki pa gen gwo revni/revni modere epi **\$14,000** pou tout lòt lokatè yo - peman an se pou chak inite, se pa pou chak lokatè.

Yo mete montan sa yo ajou nan mwa fevriye chak ane epi yo ajou depi fevriye 2025.

Men definisyon moun ki gen yon andikap, moun aje ak moun ki pa gen gwo revni oswa revni modere:

Lokatè ki gen yon andikap - yon lokatè ki gen yon andikap fizik oswa mantal nan dat yo te dwe bay avi a, ki (1) limite anpil kapasite moun sa a pou pran swen tèt li, fè travay manyèl, mache, wè, tande, pale, respire, aprann oswa travay; oswa (2) limite anpil lojman ki apwopriye pou moun sa a oswa limite anpil kapasite moun sa a pou chèche yon nouvo lojman; oswa (3) reponn ak dispozisyon ki gen rapò ak andikap ki nan definisyon "moun ki gen yon andikap ki pa gen anpil revni" nan G.L. c. 121B § 1.

Lokatè ki se moun aje - Yon lokatè ki gen 65 lane oswa plis nan dat yo te bay oswa yo te dwe bay avi a.

Lokatè ki pa gen anpil revni/revni modere: Si revni total fanmi ou pandan 12 dènye mwa yo te pi ba pase limit revni ki koresponn ak kantite moun k ap viv nan kay la nan tablo ki anba a, ou nan kategori moun ki pa gen anpil revni/revni modere a:

Limit Revni HUD Boston PMSA – 2026*								
Kantite Moun k ap Viv nan yon Kay	1	2	3	4	5	6	7	8
Limit Revni	\$96,000	\$109,700	\$123,400	\$137,100	\$148,100	\$159,050	\$170,050	\$181,000

*Nouvo limit revni anyèl yo ap antre an vigè lye jen nan ane ki koresponn nan. Tanpri kontakte Estaf Konsèy la pou jwenn montan ki ajou si montan yo mete a pa ajou.

Dwa Lokatè yo Pandan Konvèsyon An Kopwopriyete a

TOUT lokatè yo pwoteje epi yo gen dwa dapre Òdonans sou Konvèsyon An Kopwopriyete a.
Dwa ki anba yo aplike pou lokatè k ap viv nan inite lokasyon pwopriyete a ap chèche konvèti an inite kopwopriyete.

Dwa pou Jwenn yon Avi Apwopriye

Yo dwe fè ou jwenn Avi sa a atravè youn nan metòd ki annapre yo: yo dwe livre l an pèsòn devan yon temwen oswa avèk yon resi siyen ki di lokatè a te resevwa l, yo dwe voye l nan lapòs sètifye oswa rekòmande, ki gen akize resepsyon, oswa yo dwe bay yon adjwen cherif oswa yon ajan polis bay li.

Dwa pou Kontinye Abite Ladan (Delè Preyavi)

Lokatè yo gen dwa rete kòm lokatè nan inite lokasyon yo a pandan yon (1) lane apati dat yo resevwa Avi a. Si yon lokatè se yon moun aje, yon moun ki gen yon andikap oswa yon moun ki pa gen anpil revni/revni modere, li gen dwa rete kòm lokatè nan inite lokasyon li an pandan senk (5) lane apati dat li resevwa Avi a. Lokatè yo gen dwa pou jwenn yon delè preyavi kit kontra lokasyon yo a se yon afèmaj oswa yon lokasyon chak mwa san angajman. Si pwopriyete w la konteste ou se yon moun aje, yon moun ki gen yon andikap oswa yon moun ki pa gen anpil revni/revni modere, ou ka bezwen ba li yon verifikasyon sou sitiasyon w lan.

Dwa pou Pwolonje Tèm Kontra Lokasyon an

Si peryòd Avi yon (1) lane oswa senk (5) lane ki mansyone pi wo a pi long pase dire lokasyon ki nan kontra lokasyon w lan, lè sa a, Pwopriyete a **dwe** pwolonje dire lokasyon w lan pou l koresponn ak ekspirasyon peryòd Avi a.

Dwa pou Achte

Lokatè yo gen dwa achte inite lokasyon yo a *anvan* yo mete l sou mache a nan kondisyon "jan li ye a" nan yon pri ki ekitab. Lokatè ki enterese yo ta dwe enfòmè pwopriyete yo alekri sou entansyon yo genyen pou achte a. Pwopriyete yo gen 120/180 jou pou bay lokatè yo yon òf epi lokatè yo gen 120/180 jou apati dat yo resevwa òf la pou deside si y ap sezi opòtinite a.

Dwa pou Mete Fen nan Lokasyon an

Lokatè yo gen dwa mete fen nan kontra lokasyon yo san penalite depi yo bay Pwopriyetè a yon avi alekri omwen trant (30) jou anvan yo kite kay la. Yon pwopriyetè paka mete fen nan lokasyon w lan pandan peryòd avi a sof si w pa peye lwaye oswa si gen lòt vyolasyon grav nan kontra lokasyon w lan.

Renovasyon Pandan Peryòd Avi a

Lokatè yo gen dwa pou yo pwoteje kont deranjman ki pa rezonab akòz renovasyon, reparasyon oswa amelyorasyon. Pwopriyetè a ka sèlman fè reparasyon nan inite w la si Kòd Sanitè oswa Konstriksyon Eta a **egzije** reparasyon sa yo, epi pwopriyetè yo oblije bay lokatè yo omwen 48 èdtan avi anvan yo antre nan inite a pou fè reparasyon. Yo ka sèlman fè lòt renovasyon oswa amelyorasyon nan apatman w lan si ou bay **konsantman w alekri**. Pwopriyetè yo ka renove zòn piblik oswa inite ki vid, men yo *dwe* konfòme yo avèk règ Òdonans Konvèsyon An Konpwopriyete yo konsènan kijan ak kilè renovasyon sa yo ka fèt.

Dwa pou Jwenn Èd pou Chèche Lojman

Yon lokatè ki granmoun, ki gen yon andikap oswa ki pa gen anpil revni/revni modere gen dwa jwenn èd nan men pwopriyetè a pou l jwenn yon apatman ki prèske menm jan an nan Somerville sof si li egzante de egzijans rechèch lojman sa a. Yon pwopriyetè egzante de egzijans rechèch lojman sa a si (1) li te lwe inite li a nan oswa dapre nòm peman Seksyon 8 Otorite Lojman Somerville la; **epi** (2) li te limite ogmantasyon lwaye a mwens pase 5% chak ane pandan twa (3) dènye ane yo. Si yon pwopriyetè gen obligasyon bay èd pou chèche lojman epi li pa fè sa, lokatè a ap gen dwa pou l jwenn de (2) lane pwoteksyon anplis.

Dwa pou Jwenn Avantaj pou Demenajman

Si yon lokatè pa achte inite lokasyon li a oswa yon lòt inite lokasyon nan bilding lan, li gen dwa resevwa yon peman pou dedomajman nan montan ki mansyone sou premye paj la pou chak inite si li kite inite a nan peryòd Avi a. Peman pou demenajman yo dwe fèt nan dis (10) jou apre yon lokatè kite inite a. Sepandan, si yon lokatè bezwen fon sa yo davans pou l ka demenaje, pwopriyetè a dwe fè peman yo dirèkteman bay konpayi demenajman an, ajan imobilye a, depo a oswa nouvo pwopriyetè a anvan lokatè a demenaje, sou demann epi yon fwa yo fin verifike nouvo apatman an.

Dwa pou Jwenn yon Avi Odyans

Nenpòt lokatè ki resevwa Avi a gen dwa pou resevwa avi pou **nenpòt oswa tout** odyans Komite Kontwòl Kopwopriyete a pwograme kote inite yo a sou lòd dijou a. Avi sa a ap gen ladan dat, lè ak kote odyans lan ap fèt. Lokatè yo pa oblije patisipe nan odyans sa a, men yo ka bay Komite Kontwòl la nenpòt enfòmasyon yo panse ki enpòtan konsènan aplikasyon an.

Dwa pou Fè Demann yon Odyans

Si a nenpòt ki moman nenpòt pati (lokatè oswa pwopriyetè) santi lòt pati a pa konfòme li avèk egzijans Òdonans Konvèsyon An Konpwopriyete a, yo ka mande Komite a pou pwograme yon odyans konfòmite pou egzamine pwoblèm nan. Nenpòt pati ki mande odyans lan dwe prezan, epi lòt pati a ka prezan. Toude pati yo pral resevwa notifikasyon pou odyans sa yo. Yon fwa yo pwograme yon odyans, Komite Kontwòl Kopwopriyete a ap fè w konnen kote, lè ak dat odyans lan.

Si ou gen nenpòt kesyon, si ou ta renmen fè demann yon odyans, oswa si ou gen plan pou ale nan odyans sa a epi ou bezwen yon entèprèt, tanpri kontakte Estaf Konsèy la nan 617-625-6600 Ext. 2575 Oswa nan condoboard@somervillema.gov kou sa posib.